

### **Aplikasyon pou Revizyon Diskalifikasyon**

Si ou vle Depatman Edikasyon ak Swen Bonè a (EEC) revize diskalifikasyon ou, ou oblije ranpli aplikasyon sa a epi soumèt li bay EEC atravè Pòtay Aplikan BRC a nan lespas venteyen (21) jou. Si w gen kesyon oswa difikilte pou telechaje dokiman w yo nan pòtay la, ou ka jwenn èd Sant Kontak EEC a nan 617-988-7841.

Si EEC pa resevwa aplikasyon an ak dokiman ou yo nan lespas 21 jou, yo pral diskalifye w pou travay oswa afilyasyon ki gen rapò ak EEC.<sup>1</sup> Ou ka aplike ankò alavni men ou pral oblije peye pou yon nouvo Verifikasyon Kazye Jidisyè (BRC).

Remak: EEC ka kontakte w pou plis enfòmasyon, pou ede w pran yon desizyon sou revizyon w lan. Tanpri reponn san pèdi tan pou evite reta.

---

SIYATI:                      NON:                      INISYAL DEZYÈM NON:                      DAT NESANS:

---

TELEFÒN:                      ADRÈS IMÈL:

#### **DEKLARASYON KANDIDATI:**

Tanpri di nou sikonstans ki antoure chak akizasyon kriminel ak / oswa rezilta ankèt sèvis pwoteksyon timoun yo sipòte konsènan pase ou. Di nou poukisa ou ta dwe kapab travay avèk timoun yo oswa nan prezans yo. Ou ta dwe pale nou tou de tout mezi reyabilitasyon ou te pran, si sa aplikab.

ENPÒTAN: Menm si yon akizasyon kriminel pa t mennen nan yon kondanasyon, ou ta dwe eksplike sikonstans yo.

#### **DOKIMAN SIPÒ:**

Nou ankouraje w anpil pou bay dokiman sa yo. Si w pa voye dokiman ki enpòtan yo ba nou, sa ka gen yon efè negatif sou rezilta revizyon sa a. Si w gen difikilte pou w jwenn dokiman sa

---

<sup>1</sup> Aplikasyon sa a obligatwa. Sepandan, si ou soumèt dokiman, men ou pa soumèt aplikasyon sa a, EEC pral konprann ou konsanti pou kontinye avèk revizyon an.

yo, fè nou konnen nan deklarasyon kandidati w la oswa kontakte Sant Kontak EEC a nan 617-988-7841.

A. RAPÒ LAPOLIS - Nou itilize rapò lapolis pou ede nou konprann pi byen sa ki te pase a. Ou ta dwe bay rapò sa yo pou chak ensidan menm si akizasyon yo toujou annatant, te rejte, oswa an kontinyasyon san yon rezilta.

B. FICH DOSYE TRIBINAL YO - Nou itilize dokiman sa yo pou detèmine estati tout akizasyon kriminèl.

C. DOKIMAN KI GEN RAPÒ AK REYABILITASYON - Dokiman sa yo ka gen ladan yo patisipasyon nan, oswa achèvmman, yon pwogram ki nesesè pou pwobasyon ou, si sa aplikab. Ou ka bay tou dokiman sou efò ou fè pou amelyorasyon pèsònèl, tankou patisipasyon nan pwogram èd sikolojik, terapi oswa pwogram itilizasyon sibstans oswa tout lòt endikasyon ou kwè ki se prèv reyabilitasyon. Ou ka bay plis enfòmasyon nan deklarasyon kandidati w la.

D. LÈT REFERANS YO – Jiska de (2) lèt referans moun ki pa gen rapò avèk ou. Referans ou yo ta dwe di klèman poukisa yo kwè ou ta dwe kapab travay avèk timoun yo. Referans yo ka soti nan men anplwayè yo. Chak lèt referans dwe gen ladan non, adrès ak nimewo telefòn referans lan.

**Tanpri siyen konsantman ak sètifikasyon ki anba a. Aplikasyon pou revizyon w lan pa konplè san siyati w.**

**KONSANTMAN AK SÈTIFIKASYON KANDIDA A:**

Mwen dakò pou EEC kontakte lòt ajans oswa moun, konsènan mwen menm (oswa pitit mwen) pou rezon Revizyon Verifikasyon Kazye Jidisyè a. Anplis de sa, mwen sètifye enfòmasyon ak deklarasyon ki bay nan aplikasyon pou revizyon sa a se laverite epi yo kòrèk dapre sa mwen konnen.

---

Siyati Kandida a (Paran / Responsab Legal si li poko gen 18 ane)

Dat

---

Non Kandida a an lèt detache (Paran / Responsab Legal si li poko gen 18 ane)

Dat